# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–05 अक्टूबर 2024 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु महाराष्ट्र के वाशिम में आयोजित भइल एगो खास कार्यक्रम में प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि क अठारहवां किस्ति जारी कइ दिहलें। एकरे सथहीं देस भर क नौ करोड़ चालीस लाख से बेसी किसानन के डीबीटी के जरिया से बीस हजार करोड़ रूपिया से बेसी क धनरासि उनके बैंक खाता में भेजि दीहल गइल। प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि योजना में तीनि गो बराबर किस्ति में भूमिधारक किसानन के हर सालि छौ हजार रूपिया मिले ला। प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि में प्रदेस क दुइ करोड़ पचीस लाख से बेसी किसानन के खाता में चारि हजार नौ सौ पचासी करोड़ रूपिया से बेसी क धनरासि भेजल गइल हौ।

**********

महिला सुरक्षा, सम्मान अउर सवालम्बन के बढ़ावा देवे बदे प्रदेस सरकार के ओरि से चलावल जा रहल मिशन शक्ति में आजु प्रदेस भर में कई गो कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल। कुशीनगर में पुलिस छात्रा लोगिन के बिच्चे पुलिस के पाठसाला क आयोजन कइ के ओन्हें महिला सुरक्षा से जुड़ल कई गो हेल्पलाइनि नम्बर क जनकारी दिहलसि। जौनपुर में जिलाधिकारी डॉक्टर दिनेश चन्द्र यूपी बोर्ड बरिस दुइ हजार तेइस–चउबीस बैच के इंटरमीडिएट क टॉपर छात्रा सेजल गुप्ता के अपने कुर्सी पर बइठा के जन समेस्या क निपटारा करवलें। श्रावस्तियो में बरहवीं क छात्रा रश्मि कसौधन अउर मऊ में सृष्टि सिंह के मिशन शक्ति के तहत एक दिन क जिलाधिकारी बनावल गइल।

**********

अजोध्या में रामलला क दरसन करे बदे आवे वाले सरधालुअन खातिर अउरियो सुविधा बढ़ावल जाई। दरसन कइले के बाद मंदिर से सुग्रीव किला ले निकास मार्ग के अब स्थाई तौर पर बिकसित कइल जाई। राम मंदिर निर्माण समिति क चेयरमैन नृपेन्द्र मिश्र बतवलें कि निकास मार्ग पर सरधालुअन के सुविधा बदे कैनोपी लगवले क फैसिलो कइल गइल हौ। उहां के बतवलीं कि रामलला क दरसन करे बदे सरधालुअन के करीब डेढ़ किलोमीटर नंगे पैर चले के पड़त रहे, अब ई दूरी कम कइल जाई।

**********

मौलाना आजाद राष्ट्रीय उर्दू विश्वविद्यालय क दूरस्थ शिक्षा पाठयक्रमन मे दाखिला बदे आखिरी तारीख तीस सितम्बर से बढ़ा के चउदह नवम्बर कइ दीहल गइल हौ। विश्वविद्यालय क लखनऊ क्षेत्रीय केन्द्र क परभारी डॉक्टर हुमा याकूब बतउलिनि कि दाखिला बदे इच्छुक अभ्यर्थी चउदह नवम्बर ले पंजीकरण करा के फीसि जमा कइ सके लें।

**********

प्रदेस सरकार पचीस गो जिला में नया राजकीय नर्सिंग कॉलेज खोलले के प्रक्रिया पर कार कइ रहलि हौ। बीस जिला में कॉलेज बनल सुरू हो गइल हौ जबकि पांच गो जिला–देउरिया, कुशीनगर, कानपुर देहात, सोनभद्र अउर पीलीभीतो में निरमाण कार क मंजूरी मिलि गइल हौ। येह जिलन में राजकीय नर्सिंग कॉलेज खुलि गइले से छात्रन के कम फीसि पर नर्सिंग के पढ़ाई क मौका मिली।

**********

प्रदेस सरकार पिछड़ा वर्ग के नौजवानन के डिजिटल युग में रोजिगार क बढ़ियां मौका उपलब्ध करावे बदे ओ–लेवल अउर ट्रिपल सी कम्प्यूटर क प्रसिक्षण देई। पिछड़ा वर्ग क इंटर पास अउर एक लाख रूपिया ले क सलाना परिवारिक आय वाले नौजवान एकरे बदे पात्र होइहें। पिछड़ा वर्ग कल्याण विभाग क निदेसक डाक्टर वंदना वर्मा बतउलिनि कि आवेदक दस अक्टूबर से तीस अक्टूबर ले विभाग क अधिकारिक वेबसाइट पर ऑनलाइन आवेदन कइ सके लें।

**********

कुशीनगर जिला में राष्ट्रीय वयोश्री योजना में आजु खड्डा तहसील परिसर में बुजुरूग लोगिन के जीवन सहायक उपकरण बांटल गइल। जिलाधिकारी विशाल भारद्वाज अउर पुलिस अधीक्षक सन्तोष कुमार मिश्र के मौजूदगी में सांसद विजय कुमार दुबे अउर विधायक विवेकानन्द मिश्रा सीनियर नागरिकन के व्हील चेयर, हियरिंग मसीनि, चसमा, कमर क बेल्ट, बैसाखी, वाकर अउर छड़ी बंटलें।

**********

नमामि गंगे संस्था के ओरि से आजु बनारस में गंगा घाटन के पॉलिथीन मुक्त बनावे बदे महर्षि योगी वेद विज्ञान विद्यापीठ क छात्रन के साथे जागरूकता अभियान चलावल गइल। येह दौरान लोगिन से गंगा नदी में पॉलिथीन अउर कपड़ा के बिसरजित न कइले क अपीलि कइल गइल। अभियान के दौरान लोगिन के नगर निगम के ओरि से तइयार करावल गइल कपड़ा क झोरो बांटल गइल।

**********

भारतीय कृषि अनुसंधान परिषद से सम्बद्ध केन्द्रीय उपोष्ण बागवानी संस्थान लखनऊ केरा के फसिलि में लागे वाला फंफूद जनित रोग फ्यूजेरियम विल्ड क इलाज खोजि लिहले हवे। एहसे देस क केरा क खेती करे वाला किसानन के ढेरि राहति मिली। पछिला कुछु बरिस में केरा क खेती वाला इलाकन में फंफूद जनित येह रोग क परकोप देखल गइल रहे।

**********

शारदीय नवरातर में बलरामपुर जिला में तुलसीपुर के देवीपाटन सक्तिपीठ पर सरधालुअन क लगतारे भीड़ि उमड़ि रहल हौ। देवीपाटन मंदिर में दरसन अउर पूजन खातिर पड़ोसी देस नेपालो से ढेरि संख्या में सरधालु आ रहल हवें। देवीपाटन सक्तिपीठ के नवरातर मेला खातिर पूर्वोत्तर रेलवे के ओरि से गोरखपुर–गोण्डा से होत तुलसीपुर राहि पर मेला स्पेसल ट्रेनो चलावल जा रहल हौ। परिवहन निगमो के ओरि से कई जगहिनि से स्पेसल बस चलावल जा रहल हौ।

**********